



Fen Pwogram Paròl pou Kiben/ Ayisyen / Nikaragweyen/

Gid sa a ap pran efè 30 me 2025.

MIZAJOU

Sou 25 mas 2025, administrasyon Trump lan te anonse li pral mete fen nan pwogram paròl CHNV la. Sepandan, yo te depoze yon pwosè pou konteste desizyon sa a, e sou 14 avril 2025, yon jij federal te sispann fen pwogram nan pandan pwosè a t ap kontinye. Men, sou 30 me 2025, Tribinal Siprèm Etazini te deside administrasyon Trump lan ka mete fen nan paròl CHNV la menm pandan pwosè a ap fèt.

Kisa desizyon Tribinal Siprèm nan sou fen paròl CHNV la vle di?

Desizyon Tribinal Siprèm Etazini an sou 30 me 2025 la vle di ke moun ki te resevwa paròl atravè Pwosesis CHNV la pa gen ankò estati paròl ni otorizasyon pou travay kòmanse depi 30 me 2025. Yo ka fè fas ak arestasyon epi depòtasyon soti Ozetazini.

Kisa Paròl CHNV la ye?

Depatman Sekirite Entèn (DHS) Ozetazini te lanse Pwogram Paròl CHNV an 2023 pou pèmèt sitwayen Kiba, Ayiti, Nikaragwa, ak Venezyela antre Ozetazini pou jiska de (2) ane. Pwogram nan te egzije yon moun oswa òganizasyon Ozetazini kòm sipòtè (sponsor), ansanm ak tchek sekirite. Objektif li te pou bay moun aksè legal pou pwoteksyon imanite oswa reyiniyans fanmi.

Nan mwa Oktòb 2024, pwogram nan te sispann apre plis pase 500,000 moun te antre Ozetazini atravè li. Moun ki te antre sou paròl yo te ankouraje pou chèche lòt opsyon legal pou rete nan peyi a.

Mwen te antre Ozetazini ak paròl CHNV, e mwen gen pèmisyon pou travay. Èske mwen ka toujou travay legalman Ozetazini?

Otorizasyon pou travay pou moun ki sou paròl CHNV anile lè paròl la fini, sa ki vin efèktif depi 30 me 2025. Sa vle di ou **pa kapab kontinye travay legalman** anba paròl CHNV la.

Si ou gen otorizasyon pou travay **sou baz yon lòt estati**, tankou **TPS**, oswa ou gen yon **demann azil oswa rezidans pèmanan (green card)** k ap trete, ou ka **kontinye travay legalman** si otorizasyon sa a toujou valab.

Kisa k ap rive apre paròl mwen fini?

Lè paròl ou fini, ou konsidere kòm “prezan ilegalman” Ozetazini epi ou ka arete epi depòte, sòf si ou gen yon lòt estati imigrasyon ki valab.

E sim wen gen yon aplikasyon azil oswa yon lot estate k ap trete?

Pandan nenpòt moun ki prezan ilegalman kapab depòte, DHS (Depatman Sekirite Entèn) fè konnen yo pral bay **priorite pou depòtasyon** moun ki **pa fè okenn demann pou yon lòt estati**, tankou rezidans pèmanan (green card), azil, TPS, oswa estati viza T pou viktim trafik moun.

Sa vle di, **si ou gen yon aplikasyon k ap trete**, ou ta dwe kapab **rete Ozetazini** pandan ou ap tann **desizyon an**, men sa **pa garanti** ou pap depòte. **Fen paròl la pa afekte ou si ou gentan resevwa yon lòt estati imigrasyon legal.**

Ki kote mwen ka jwenn èd?

Si ou poko fè sa, ou ta dwe konsilte yon founisè sèvis legal imigrasyon pou wè si ou kalifye pou nenpòt lòt chemen legal pou rete Ozetazini. Ou ka jwenn èd isit la: <https://www.immigrationadvocates.org/legaldirectory/>

Nòt pou Kiben ak Ayisyen: Kiben ak Ayisyen kontinye kalifye pou benefis ak sèvis kòm "Antre Kiben Ayisyen (Cuban Haitian Entrants)" menm si paròl yo fini, toutotan yo pa resevwa yon lòd final depòtasyon.